



## Fason pou Pote Plent pou Diskriminasyon Nan Biwo pou Dwa Sivil

### Entwodiksyon

**B**iwo pou Dwa Sivil (OCR) aplike senk (5) lwa federal sou dwa sivil ki entèdi pratik diskriminasyon akòz ras, koulè, peyi kote moun fèt, sèks, andikap ak laj, nan pwogram oswa aktivite ki resevwa asistans lajan federal nan Depatman Edikasyon (ED). Tit VI Lwa 1964 sou Dwa Sivil entèdi pratik diskriminasyon akòz ras, koulè ak peyi kote moun fèt; Tit IX Amanman 1972 nan Edikasyon entèdi pratik diskriminasyon akòz sèks moun; Seksyon 504 Lwa 1973 sou Reyabilitasyon ak Tit II Lwa 1990 anfavè Ameriken ki Andikape entèdi pratik diskriminasyon akòz andikap yon moun genyen (Tit II entèdi pratik diskriminasyon akòz andikap nan enstitisyon leta yo, kit y ap resevwa asistans lajan federal kit yo p ap resevwa asistans lajan federal; epitou Lwa 1975 kont Diskriminasyon akòz Laj entèdi pratik diskriminasyon akòz laj yon moun.

Lwa sou dwa sivil yo anvigè nan tout ajans edikasyon leta, sistèm lekòl primè ak lekòl segondè, kolèj ak inivèsite, lekòl pwofesyonèl, lekòl prive, ajans reyabilitasyon pwofesyonèl leta, bibliyotèk ak mize ki resevwa asistans lajan federal nan ED. Pwogram oswa aktivite ki resevwa lajan ED yo fèt pou bay èd, benefis oswa sèvis nan yon mannyè ki pa pratike diskriminasyon. Èd, benefis oswa sèvis sa yo kapab gen ladan, men se pa sèlman, admisyon, rekritman, èd finansye, pwogram akademik, tretman ak sèvis pou elèv yo, konsèy ak oryantasyon, disiplin, devwa nan salklas, metòd pou bay nòt, fòmasyon pwofesyonèl, lwazi, edikasyon fizik, espò, lojman ak travay.

OCR ap aplike tou Lwa pou Tout Moun Gen Menm Aksè nan Boy Scouts of America, pati nan Lwa sou Edikasyon Primè ak Segondè. Dapre lwa sa a, OCR kapab mennen ankèt sou plent ki konsène refi pou bay tout moun menm aksè oswa refi pou bay tout moun menm opòtinite pou rankontre, oswa pratik diskriminasyon kont, nenpòt gwoup moun ki gen afilyasyon ofisyèl avèk Boy Scouts oswa ki afilye avèk nenpòt lòt gwoup jenn moun ki endike nan Tit 36 Kòd Etazini, ke yon lekòl primè leta, yon lekòl segondè leta oswa yon ajans edikasyon leta oswa lokal k ap resevwa lajan nan ED komèt.

## Kimoun ki Kapab Pote Plent pou Diskriminasyon

Si yon moun kwè yon enstitisyon edikasyon k ap resevwa asistans lajan federal fè pratik diskriminasyon kont li akòz ras li, koulè li, peyi kote li sòti, sèks li, andikap oswa laj li, oswa si moun nan kwè yon lekòl primè oswa yon lekòl segondè leta, oswa yon ajans edikasyon leta oswa lokal vyole Lwa pou Tout Moun Gen Menm Aksè nan Boy Scouts of America, moun sa a kapab fè plent. Moun oswa òganizasyon k ap fè plent lan pa bezwen yon viktim diskriminasyon prezime a men li kapab pote plent sou non yon lòt moun oswa yon lòt gwoup.

### Delè

Ou dwe pote yon plent anvan 180 jou sivil fin pase apre dat diskriminasyon sipoze a, sof si OCR pwolonje dèlè a pou rezon valab ki pwouve nan sèten sikonstans.

### Pwosedir pou Plent nan Enstitisyon

Anvan ou pote yon plent nan OCR kont yon enstitisyon, fiti pleyan an kapab chèche konnen pwosesis pou plent nan enstitisyon an epi itilize pwosesis la pou fè yo rezoud plent lan. Men, lalwa pa egzije yon pleyan pou li itilize pwosesis pou plent nan enstitisyon an anvan moun nan fè plent lan nan OCR. Si yon pleyan itilize yon pwosesis enstitisyon pou rezoud plent epi li chwazi pou fè plent lan tou nan OCR, plent lan dwe fèt nan OCR anvan 60 jou fin pase apre pwosesis enstitisyon an pou rezoud plent lan fin itilize.

*Misyon Depatman Edikasyon se pou ankouraje siksès elèv yo ak preparasyon yo pou yo gen lespri konpetisyon global. Pou fè sa, Depatman an sipòte ekselans nan edikasyon epitou li asire tout moun jwenn menm aksè.*

## Fason pou Pote yon Plent

Pleyan ki vle pote plent yo kapab fè sa:

**Pa lapòs oswa nan Faks:** Pleyan yo kapab voye pa lapòs oswa fakse yon lèt oswa yo kapab itilize Fòmilè Plent OCR kont Diskriminasyon ki disponib nan youn nan biwo OCR pou aplikasyon lalwa yo (al gade lis biwo OCR ki nan tiliv sa a). Nan korespondans ou an, tanpri mete:

- Non pleyan an, adrès li, epitou si li posib (menmsi li pa obligatwa), mete yon nimewo telefòn kote yo kapab kontakte pleyan an pandan lè biwo louvri;
- Enfòmasyon sou moun nan (yo) oswa gwoup moun ki viktim de zak diskriminasyon prezime a (yo) (non moun ki viktim lan (yo) pa nesèsè);
- Non ak adrès enstitisyon ki te fè zak diskriminasyon prezime a (yo); epi
- Yon deskripsyon zak diskriminasyon prezime (yo) avèk ase detay pou pèmèt OCR konprann sa ki te pase a, kilè li te pase, ak sa ki lakòz diskriminasyon prezime a (ras, koulè, peyi kote moun nan sòti, sèks, andikap, laj oswa *Lwa pou Tout Moun Gen Menm Aksè nan Boy Scouts of America*).

**Pa Imèl:** Pleyan yo kapab fè yon plent pou voye nan imèl sa a: [ocr@ed.gov](mailto:ocr@ed.gov). Itilize menm pwosedi ak sa ki anwo a.

**Sit wèb:** Pleyan yo kapab fè yon plent nan OCR depi yo itilize fòmilè elektwonik plent OCR nan sit wèb sa a: <http://www.ed.gov/about/offices/list/ocr/complaintintro.html>.

Pou moun ki pa gen imèl yo, yo ka jwenn aksè nan Entènèt gratis nan bibliyotèk piblik zòn yo, epitou kont imèl disponib gratis nan plizyè gwo founisè.

**Remak:** Enstitisyon yo k ap resevwa asistans lajan federal pa kapab fè vanjans kont yon moun ki te pote yon plent, ki te bay temwayaj, ki te ede, oswa ki te patisipe nan nenpòt mannyè nan yon ankèt, oswa nan yon pwosedi dapre lwa ki endike nan premye paj tiliv sa a. Si ou kwè yo te fè vanjans kont ou pou nenpòt nan rezon sa yo, ou kapab pote yon plent pou sa nan OCR.

**Depatman Edikasyon Etazini**  
Arne Duncan  
Sekretè

Fevriye 2011

**Biwo Santral yo  
Depatman Edikasyon Etazini**

U.S. Department of Education  
Office for Civil Rights  
400 Maryland Ave. SW  
Washington, DC 20202-1100  
Sèvis Kliyan: 800-421-3481  
Faks: 202-453-6012  
TDD: 877-521-2172\*  
Imèl: OCR@ed.gov  
Sit wèb: <http://www.ed.gov/ocr>

**Biwo yo ak Adrès yo**

**Connecticut, Maine, Massachusetts,  
New Hampshire, Rhode Island, Vermont**

Office for Civil Rights, *Boston Office*  
U.S. Department of Education  
5 Post Office Square, 8th Floor  
Boston, MA 02109-3921  
Nimewo telefòn: 617-289-0111\*  
Faks: 617-289-0150  
Imèl: OCR.Boston@ed.gov

**New Jersey, New York, Puerto Rico,  
Virgin Islands**

Office for Civil Rights, *New York Office*  
U.S. Department of Education  
32 Old Slip, 26th Floor  
New York, NY 10005-2500  
Nimewo telefòn: 646-428-3800\*  
Faks: 646-428-3843  
Imèl: OCR.NewYork@ed.gov

**Delaware, Maryland, Kentucky,  
Pennsylvania, West Virginia**

Office for Civil Rights, *Philadelphia Office*  
U.S. Department of Education  
100 Penn Square East, Suite 515  
Philadelphia, PA 19107-3323  
Nimewo telefòn: 215-656-8541\*  
Faks: 215-656-8605  
Imèl: OCR.Philadelphia@ed.gov

**Alabama, Florida, Georgia, Tennessee**

Office for Civil Rights, *Atlanta Office*  
U.S. Department of Education  
61 Forsyth St. SW, Suite 19T70  
Atlanta, GA 30303-8927  
Nimewo telefòn: 404-974-9406\*  
Faks: 404-974-9471  
Imèl: OCR.Atlanta@ed.gov

**Arkansas, Louisiana, Mississippi, Texas**

Office for Civil Rights, *Dallas Office*  
U.S. Department of Education  
1999 Bryan St., Suite 1620  
Dallas, Texas 75201-6810  
Nimewo telefòn: 214-661-9600\*  
Faks: 214-661-9587  
Imèl: OCR.Dallas@ed.gov

**North Carolina, South Carolina, Virginia,  
Washington, D.C.**

Office for Civil Rights, *District of  
Columbia Office*  
U.S. Department of Education  
400 Maryland Ave. SW  
Washington, DC 20202-1475  
Nimewo telefòn: 202-453-6020\*  
Faks: 202-453-6021  
Imèl: OCR.DC@ed.gov

**Illinois, Indiana, Minnesota, Wisconsin,  
Iowa, North Dakota**

Office for Civil Rights, *Chicago Office*  
U.S. Department of Education  
Citigroup Center  
500 W. Madison St., Suite 1475  
Chicago, IL 60661-7204  
Nimewo telefòn: 312-730-1560\*  
Faks: 312-730-1576  
Imèl: OCR.Chicago@ed.gov

**Michigan, Ohio**

Office for Civil Rights, *Cleveland Office*  
U.S. Department of Education  
600 Superior Ave. East, Suite 750  
Cleveland, OH 44114-2611  
Nimewo telefòn: 216-522-4970\*  
Faks: 216-522-2573  
Imèl: OCR.Cleveland@ed.gov

**Kansas, Missouri, Nebraska, South  
Dakota, Oklahoma**

Office for Civil Rights, *Kansas City Office*  
U.S. Department of Education  
8930 Ward Parkway, Suite 2037  
Kansas City, MO 64114-3302  
Nimewo telefòn: 816-268-0550\*  
Faks: 816-823-1404  
Imèl: OCR.KansasCity@ed.gov

**Arizona, Colorado, New Mexico, Utah,  
Wyoming**

Office for Civil Rights, *Denver Office*  
U.S. Department of Education  
Cesar E. Chavez Memorial Building  
1244 Speer Blvd., Suite 310  
Denver, CO 80204-3582  
Nimewo telefòn: 303-844-5695\*  
Faks: 303-844-4303  
Imèl: OCR.Denver@ed.gov

**California**

Office for Civil Rights, *San Francisco Office*  
U.S. Department of Education  
50 Beale St., Suite 7200  
San Francisco, CA 94105-1813  
Nimewo telefòn: 415-486-5555\*  
Faks: 415-486-5570  
Imèl: OCR.SanFrancisco@ed.gov

**Alaska, Hawaii, Idaho, Nevada, Oregon,  
Washington, American Samoa, Guam,  
Northern Mariana Islands, Montana**

Office for Civil Rights, *Seattle Office*  
U.S. Department of Education  
915 Second Ave., Room 3310  
Seattle, WA 98174-1099  
Nimewo telefòn: 206-607-1600  
TDD: 206-607-1647  
Faks: 206-607-1601  
Imèl: OCR.Seattle@ed.gov